

Lwa sou Travay Timoun nan Massachusetts*

2010

Lè Travay ki Legal pou Minè

14 oubyen 15 an

Lè Travay

Pandan lekòl louvri nan lane a:

- Sèlman ant 7è dimaten ak 7è diswa
- Pa pandan lè lekòl

Pandan sezon ete a

(Depi premye jiyè pou rive jou Fèt Travay [Labor Day]):

- Sèlman ant 7è dimaten ak 9è diswa

Tan Maksimòm

Pandan lekòl ap travay:

- 18 èdtan pa semenn
- 3 èdtan pa jou nan jou lekòl
- 8 èdtan pa jou pandan wikenn ak jou fèt
- 6 jou pa semenn

Pandan lekòl p ap travay:

- 40 èdtan pa semenn
- 8 èdtan pa jou
- 6 jou pa semenn

16 oubyen 17 an

Lè Travay

Pandan tout lane a:

- Sèlman ant 6è dimaten ak 10è diswa lè pral gen lekòl nòmalman nan jou apre a
- Si biznis la sispann sèvi kliyan yo depi 10è diswa, yon minè ka travay la jiska 10:15 diswa
- Sèlman ant 6è dimaten ak 11:30 diswa si pa pral gen lekòl nòmalman nan jou apre a, sòf nan restoran ak kote ki gen kous cheval, kote yo ka travay jiska minui

Tan Maksimòm

Pandan tout lane a:

- 48 èdtan pa semenn
- 9 èdtan pa jou
- 6 jou pa semenn

Après 8è diswa, tout minè yo dwe anba sipèvizyon dirèk yon moun majè, ki dwe nan kote y ap travay la, epi yo dwe kapab pran kontak fasil avèk li.

(Sòf minè k ap travay nan ti kontwa ki enstale nan kote tout moun pase nan kèk sant komèsyal.)

Tout adolesan ki poko gen 18 an yo dwe resevwa yon **Pèmi Travay** nan distrik lekòl kote yo rete oubyen kote lekòl yo ye a. Pou plis enfòmasyon, ale nan sit entènèt Division of Occupational Safety [Divizyon pou Sekirite nan Travay] la, nan adrès: www.mass.gov/dos/youth

Travay Minè pa Gen Dwa Fè

Moun pi poko gen 16 an PA dwe:

- Sèvi avèk, netwaye, ni fè reparasyon nan machin a motè (sòf machin nan biwo oswa machin pou detaye, pou netwaye, ak pou travay kuizin yo pa defann yo sèvi pou lòt rezon)
- Fè manje (sòf sou recho elektrik oswa recho a gaz ki pa fè flanm dife)
- Sèvi avèk friyolatè, wotisi, chodyè NIECO, oswa mamit a presyon
- Sèvi avèk, netwaye, oswa repare aparèy elektrik pou koupe manje, pou moulen, oswa pou tranche, fann oswa melanje manje
- Fè okenn aktivite ki sèvi avèk fou
- Sèvi avèk fou mikwo-onn (sòf pou chofe manje nan fou mikwo-onn ki gen yon kapasite maksimòm 140 degre Fahrenheit)
- Netwaye sifas nan kuizin ki pi cho pase 100 degre Fahrenheit
- Filtre, transpòte, oswa jete lwil kuizin oubyen grès ki pi cho pase 100 degre Fahrenheit
- Travay nan frizè oswa bwat refrijerasyon pou vyann
- Travay nan atelye oswa nan metye manifakti (tankou nan izin, kòm ouvriye pou montaj)
- Travay oubyen sèvi avèk nechèl, echafodaj, oswa nenpòt bagay konsa
- Travay nan garaj, sòf pou bay gaz ak luil
- Travay nan kote yo fè oubyen vann brik oswa planch
- Travay nan kote pou amizman (tankou sal biya, oswa ale boling)
- Travay kay kwafè
- Travay nan lavant pòt-an-pòt, oubyen kòm moun k ap montre pankat piblisite (sòf si se devan kote l ap travay la sèlman)
- Travay nan konstriksyon, transpò, kominikasyon, oswa sèvis elektrisite, dlo, elatriye (sòf pou fè travay biwo lwen ekipman lou, lè se pa nan kote li travay la)
- Travay nan depo (sòf pou fè travay biwo)
- Chaje oubyen dechaje kamyon, wagon tren, oswa trelè
- Chita anndan oubyen sou yon veyikil a motè (sòf nan yon plas pou pasaje, avèk sentiwon sekirite a boukle)
- Fè travay lesiv nan yon biznis komèsyal pou fè lesiv oswa netwayaj a sèk
- Travay kòm mesajè piblik
- Travay nan operasyon tretman (vyann, pwason, vyann poul, kouri dèyè poul, kase nwa, voye lèt an vrak oswa distribisyon lis kourye)
- Travay nan kote ki gen gwo chodyè oswa nan sal mekanik
- Fè travay endistriyèl lakay li
- Travay avèk machin elektrik oswa aparèy elektwo-menaje ki gen danje
- Fè travay Komisè Jeneral Massachusetts la konsidere tankou danje pou sante ak byennèt minè yo
- **Travay nan okenn metye oswa pwojè moun ki poko gen 18 an pa gen dwa fè**

Yo pa gen dwa fè travay Sekretè nan Depatman Travay la pa bay yo pèmisyon espesifik pou yo fè

Moun ki poko gen 14 an PA gen dwa travay! Règ sa a gen kèk eksepsyon, tankou okipe timoun piti, travay nan distribisyon jounal, nan fèm, ak nan aktivite divètisman (avèk yon otorizasyon espesyal).

Moun pi poko gen 18 an PA dwe:

- Kondui yon veyikil, oswa yon charyo elevatè, oswa yon veyikil asistans nan travay (sòf charyo pou gòlf nan kèk sikonstans)
- Monte nan yon charyo elevatè kòm pasaje
- Sèvi avèk, netwaye, oswa repare aparèy elektrik pou koupe manje, pou moulen, oswa pou tranche manje
- Sèvi avèk, netwaye, oswa repare fou elektrik (sòf kèk modèl ki enstale sou kontwa oubyen ki sèvi pou fè pat pou pizza)
- Travay nan yon kote ki pi wo pase 30 pye, lè w mezire wotè a depi atè oswa depi sifas dlo ki anba kote a
- Sèvi, vann, oubyen travay ak bweson ki gen alkòl
- Sèvi avèk goyin sikilè, oswa goyin ki gen chenn oubyen bando; sèvi avèk lam gijotin, zouti pou taye bwa, oubyen disk abrazif ki koupe
- Sèvi avèk machin a motè pou travay bwa
- Sèvi avèk machin pou leve chaj, oubyen repare yo, kondui yo, oswa travay sou yo
- Sèvi avèk oubyen chaje près elektrik, konpaktè, oswa machin pou trete papye
- Sèvi avèk moul a motè pou metal, oswa aparèy ki pèse, oswa ki dekoupe
- Sèvi avèk ekipman ki egalize oswa ki poli
- Fè brik, kawo, oswa pwodui nan menm kategori sa a
- Fè oswa estoke eksplozif
- Travay nan eskavasyon, kraze, demolisyon, oswa demanbre bato
- Travay kòm ponpye nan forè, nan sèvis pou anpeche forè pran dife, nan operasyon suiv bwa pou fè planch, ak nan sèvis forè
- Travay nan esplwatasyon bwa, siye bwa, oswa fouye min
- Travay nan abataj, anbalaj, oswa tretman vyann ak poul
- Travay nan ray tren
- Travay nan poze plafon, oubyen nan tèt kay
- Travay nan fondri oubyen nan founo ki wo
- Travay nan fè fosfò oswa alimèt fosfò
- Travay kote yo ka pran kontak avèk sibstans radyoaktif
- Travay kòm ponpye oswa kòm mekanisyen nan yon bato
- Mete luil nan machin an mach ki gen danje, oswa netwaye yo
- Fè nenpòt ki travay ki mande pou genyen oubyen pou sèvi avèk yon zamafe

Kote ou ka Jwenn Plis Enfòmasyon

Pou kesyon sou salè oubyen sou lwa pou travay timoun:

- Biwo Komisè Jeneral Massachusetts
Metòd Travay ak Biznis ki Ekitab
www.ago.state.ma.us - (617) 727-3465
- Depatman Travay Etazini, Divizyon pou Salè ak pou Lè Travay
www.dol.gov/esa/whd - (617) 624-6700

Pou kesyon sou dedomajman travayè:

- Depatman Aksidan Endistriyèl nan Massachusetts
www.mass.gov/dia - (800) 323-3249 x470

Pou kesyon sou sante ak sekirite:

- Depatman Travay Etazini
Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay
www.osha.gov
Biwo Andover - (978) 837-4460
Biwo Braintree - (617) 565-6924
Biwo Springfield - (413) 785-0123
- Depatman Sante Piblik Massachusetts
Pwogram pou Kontwòl Sante nan Travay
Pwojè pou Kontwòl ak Prevansyon Aksidan pou Timoun nan Travay
www.mass.gov/dph/teensatwork - (617) 624-5632

* Sa a, se yon konpilasyon lwa Eta a, ak lwa gouvènman federal sou travay timoun. Lwa ki bay pi gwo pwoteksyon yo prezante la a, epi yo aplikab pou tout moun ki bay timoun travay nan Massachusetts, sa ki vle di tou moun ki rekrite jenn moun nan pwòp fanmi yo pou travay. Gen lòt règleman toujou, epi gen kèk eksepsyon tankou travay nan endistri agrikòl, ak travay pou etidyan k ap patisipe nan pwogram edikasyon kowoperatif.

Kote ki fè dokiman pou enfòmasyon sa a, se Depatman Sante Piblik Massachusetts: Pwojè pou Kontwòl ak Prevansyon Aksidan pou Timoun nan Travay avèk kolaborasyon Biwo Komisè Jeneral Massachusetts; finansman an soti nan Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay. Pou plis enfòmasyon, ou mèt rele nan nimewo (617) 624-5632, oubyen voye yon mesaj elektwonik ban nou nan adrès teens.atwork@state.ma.us. [Haitian Creole]